



Pou Piblikasyon Imedya: 21/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE PRAN PEKOSYON PANDAN TANPERATI KI EKSTRÈMMAN FRÈT YO AP APWOCHE SOU NEW YORK**

***Tanperati Frèt ak Briz Van yo Pral Kreye Kondisyon Ekstèn ki Potansyèlman Danjere yo pou Rejyon Nò New York nan Jou Ki Gen Pou Vini yo***

***Kondisyon Nèje ak Glasyal yo Pral Kreye Kondisyon Ki Difisil pou Moun Kondwi yo pou Sikilasyon nan Rejyon Nò ak Vwayaj Pandan Fèt yo***

***Ajans Leta yo Ap Prepare Otowout yo ak Transpò Masif pou Gwo Volim Vwayajè yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te egzòte moun New York yo jodi a pou yo prepare pou kondisyon ekstèn ki potansyèlman danjere yo pliske yo prevwa yon gwo van frèt atik pral frape eta a kòmanse nan Mèkredi aprèmidi epi dire pandan tout wikenn nan. Yo prevwa van an ap pote gwo nèj yo ak yon briz van ki pral pouse tanperati yo pi ba pase zewo degre pou laplipa zòn nan Rejyon Nò New York. Pliske anpil tradisyon Thanksgiving yo enkli aktivite ekstèn yo tankou parad yo, kous Turkey Trot ak jwèt foutbòl ameriken yo, Gouvènè Cuomo ap egzòte moun New York yo pou gen konpòtman ki sekirize epi limite ekspozisyon yo a fredri ekstrèm yo.

"Pandan ke moun New York yo ap rasanble ansanm ak fanmi ak zanmi yo pou selebre Thanksgiving, Manman Lanati pral ap voye tanperati ki ekstrèmman frèt yo vin rejwenn nou ane sa a tou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan ke nou ap siveye van fredri iminan sa a de prè epi fè preparasyon ki nesese yo, mwen ap mande pou moun New York yo tou bay kontribisyon pa yo epi asire ke yo ap pran prekasyon ki apwopriye yo si yo planifye avantire deyò pandan jou ki gen pou vini yo."

Yo prevwa gwo van frèt atik lan pral vanse nan New York nan Mèkredi aprèmidi ki ap pote tanperati ki frèt anpil yo ak rafal nèj yo nan Rejyon Nò a ki ka afekte vwayaj nan aswè yo. Pandan ke rafal nèj yo ap tipikman pwodwi ti akimilasyon nèj yo, yo ka mennen rediksyon brèf nan vizibilite epi lè yo konbine ak tanperati ki ap bese rapidman yo, ka pwodwi kondisyon wout glasyal ak danjere yo. Chofè yo ta dwe konsidere kondisyon sa yo epi pran prekasyon pandan yo sou wout yo, espesyalman lè nou konsidere reyalite ki montre ke yo prevwa plis moun pral ap vwayaje pandan fèt Thanksgiving sa a pase nenpòt lòt lè nan dènye ane ki sot pase yo.

Pi ta nan aswè, yo prevwa tanperati ki ap menm pi frèt ki pral rive epi dire pandan nwit Thanksgiving lan. Van ki gen rafal jiska 64 kilomèt pa èdtan nan kèk zòn yo ak tanperati ki pi ba pase zewo degre yo ka mennen van frèt danjere ki gen valè zewo degre a 10 degre pi ba zewo nan anpil zòn. Yo prevwa tanperati pandan Thanksgiving yo pral rete frèt anpil, ki ap monte sèlman nan dizèn yo ak pi ba 20 degre yo ak van ki ap rete kòm ti briz yo. Nan rejyon Vil New York ak Long Island yo, yo prevwa ke tanperati yo ap pi cho nan jou ki gen pou vini yo, prensipalman nan 30èn yo, epi briz van yo ta dwe mwens yon faktè.

Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la (National Weather Service).

## **Sekirite nan Tan Frèt Ekstrèm yo**

### *Abiye pou Sezon an*

- Me plizyè rad ki lach, lejè, epi cho ki gen plizyè kouch. Lè ki bloke nan mitan kouch yo aji kòm yon izolan. Ou kapab retire nan kouch yo pou evite transpirasyon ak refwadisman annapre. Rad deyò yo ta dwe gen may se, yo ta dwe enpèmeyab epi yo ta dwe gen kapichon.
- Toujou mete yon chapo oswa kaskèt nan tèt ou pliske ou kapab pèdi mwatye chalè kò ou si ou pa kouvri tèt ou.
- Kouvri bouch ou avèk yon foula pou pwoteje poumon ou kont gwo freddi a.
- Mitèn, ki byen kouvri ponyèt pi bon pase gan paske dwèt yo kenbe plis chalè lè yo kole youn ak lòt.

### *Jefò Fizik*

Kondisyon tanpèt ivènal yo ak vag van frèt yo se modèl metewo ki pi mòtèl yo pliske tanperati frèt yo mete yon presyon an plis sou kè ou. Gwo efò fizik, tankou pèlte nèj, netwayaj debri oswa pouse yon vwati kapab ogmante risk pou yon atak kadyak.

Pou kapab evite pwoblèm, sonje konsèy sa yo:

- Rete nan chalè, abiye avèk rad ki cho epi **RALANTI** lè w ap travay deyò.
- Repoze souvan pou evite twòp efò fizik.
- Si w santi doule pwatrin -- **SISPANN** epi chèche èd imedyatman.

### *Ipotèmi*

Ekspozisyon pwolonje a tanperati ki frèt yo ka lakòz ipotèmi, espesyalman lakay timoun ak granmoun aje yo.

Siveye sentom sa yo:

- Enkapasite pou moun nan konsantre
- Move kowòdinasyon
- Movèz Atikilasyon
- Somnolans
- Fatig
- Frisònman enkontwolab, ak yon mank frisònman soudan ki vini apre

Si tanperati kò yon moun desann anba 95 degre Fahrenheit, chèche swen ijans medikal touswit. Retire rad mouye, vlope viktim lan nan yon kouvrelè ki cho, epi bay likid ki pa gen alkòl, kafeyin jiskaske li jwenn èd.

### *Jeli (Frostbite)*

Moun ki ap travay oswa jwe deyò yo pandan sezon ivè a ka devlope blesi jèli epi pa menm konnen sa. Pa gen pèn ki asosye ak estaj prekòs blesi jèli yo, kidonk aprann siveye siy danje sa yo:

- Premyèman, ou ka santi po a ensansib epi vin irite. Apre sa li vin blan oswa yon koulè gri-jòn. Ou ka santi po ki gen blesi jèli yo frèt lè ou manyen li.
- Si ou sispèk yon blesi jèli, deplase viktim nan pou ale nan yon kote ki cho. Kouvri zòn ki afekte a ak yon bagay ki cho epi sèch. Pa janm fwote li!
- Apre sa ale kay doktè oswa lopital pi rapid posib.

### **Preparasyon Ajans**

Anvan van frèt lan, yo prevwa festivite Thanksgiving ak gwo volim vwayajè yo pral sou wout yo ane sa a, Gouvènè Cuomo te bay ajans leta yo enstwiksyon pou fè preparasyon sa yo:

#### MTA

##### *New York City Transit - Metwo, Bis & Staten Island Railway*

New York City Transit ansanm ak divizyon metwo, bis, transpò adapte ak Staten Island Railway li yo ap siveye previzyon ak kondisyon metewo yo de prè epi yo pral ajoute preparasyon preliminè ak ki plis mezi si yo jije sa nesesè.

Depatman Metwo a (Department of Subways) ak Staten Island Railway ap siveye previzyon yo epi yo prepare pou aktive mezi metewo ivènal konsiderab yo si previzyon yo mande pou yo. Mezi sa yo, sou kondisyon presipitasyon oswa fredri ekstrèm yo, ta ka enkli platfòm pou voye sèl ak sab yo ak lòt zòn estasyon yo, ki ap pozisyone alavans ekipman ak pèsònèl pou konbat nèj yo, aktive sistèm chofaj yo pou anpeche eleman kontwòl yo konjle, ansanm ak lòt mezi sekirite pou metewo ivènal yo.

Depatman Bis lan (Department of Buses) ap kenbe kamyon yo an atant pou ka soufle nèj epi voye sèl, pare pou aktive pou vin ede nan operasyon pou soufle nèj ak voye sèl nan Vil lan sou plan lokal. Kamyon yo pral gen yon orè dekalè pou asire menm kantite kouvèti epi yo pral disponib pandan tout nwit lan si kondisyon yo pèmèt li. Bis pandan tout sware yo pral gen kawotchou pou tout kondisyon metewo yo, epi si kondisyon yo pèmèt li, yo pral ranplase bis ki atikile yo (modèl akòdeyon yo) pa bis regilye yo.

Pèsònèl transpò adapte yo ap siveye metewo a apati Sant Kòmand Transpò Adapte a (Paratransit Command Center) epi yo te pwograme pèsònèl Sant Apèl Transpò Adapte (Paratransit Call Center) pou ede kliyan yo. Yo te pwograme tou “flotez” - veyikil ekstra sou demann pou jere anbouteyaj nan sikilasyon yo - adisyonèl.

##### *Long Island Rail Road (LIRR) ak Metro-North Railroad*

Nan Mèkredi, pou minimize enpak potansyèl evènman metewo frèt sa a, Metro-North ak LIRR ap asire nivo pèsònèl sifizan pou kapab abòde nenpòt wout ray ki kase oswa entèripte ki pa mache ki ka koze pa bès ke yo prevwa nan tanperati yo.

Nan ka pwotokòl nòmal yo, wout ray yo pral pozisyonèl alavans lokomotiv yo nan lokal estratejik yo pou asiste nan ka ke nenpòt tren vin dezaktive. Tout tren Metro-North yo te prepare ak twazyèm ranp pou ray ak sak nèj rakòdaj yo.

Wout ray yo ap siveye operasyon yo epi travay pou bay sèvis ki sekirize epi fyab pou kliyan yo.

#### *Pon ak Tinèl MTA (MTA Bridges and Tunnels)*

Pon ak Tinèl MTA yo ap siveye kondisyon yo deprè epi pèsònèl yo prè epi yo pare pou yo reponn a tout ensidan ki gen rapò ak move tan yo. Kaptè metewolojik elektwonik ki sou Pon yo fonksyonèl epi tout etablisman yo an mezi pou yo siveye kondisyon metewo yo ak kondisyon wout yo.

#### Port Authority New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)

Port Authority yo pare pou nenpòt pwoblèm metewo potansyèl ak preparasyon entansif yo pou pèsònèl ak ekipman ki nan tout etablisman li yo. Ajans lan te aktive Sant Operasyon Ijans (Emergency Operations Center) prensipal li onivo tout ajans lan ki nan Jersey City jan sa nesèsè pou siveye kondisyon tanpèt la yo. Yo pral aktive tou Sant Operasyon Ijans ki espesifik a chak etablisman yo nan ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy ak nan ayewopò Entènasyonal Newark Liberty ak nan ayewopò LaGuardia selon jan move kondisyon metewo yo pèmèt li. Port Authority yo pral an kontak tou ak eta New York ak New Jersey, ansanm ak lòt fonksyonè ak ajans lokal ak federal yo pou ka kowòdone repons a kondisyon metewo difisil yo.

Pandan move tan yo, Port Authority yo konseye vwayajè yo verifye ak liy bis yo anvan yo ale nan Tèminal Bis Port Authority yo (Port Authority Bus Terminal) oswa transpòtè liy ayeryèn yo pou asire ke vòl yo a pral dekole anvan ke yo ale nan ayewopò a. Si nesèsè, Port Authority a egalman pare pou yo fè patenarya ak konpayi ayeryèn ak operatè tèminal yo pou akomode pasaje ki gen biyè avyon yo ki ka vin bloke nan ayewopò yo. Chak ayewopò gen materyèl tankou kabann pòtatif, dra, kouchèt ak fòmil tibebe pou ofri kliyan ki bloke nan ayewopò yo.

Port Authority gen ekipman nèj ak founiti annapre sa yo ki pare nan prensipal enstalasyon transpò li yo:

- Plis pase 500 pyès ekipman pou nèj ak glas nan ayewopò li yo, tankou aparèy pou fonn nèj ki kapab fonn apeprè 500 tòn nèj nan inèdtan, ak chas-nèj ki kapab retire nèj a 40 mph;
- Prèske 100 pyès ekipman nèj nan pon ak tinèl li yo;
- Plizyè milye tòn sèl ak sab pou wout ak pakin ayewopò yo, plis plizyè milye tòn sèl ak sab pou pon ak tinèl yo;
- Plizyè milye galon likid sibstans chimik anti-jèl nan ayewopò yo, k ap anpeche nèj ak glas anvayi pis avyasyon ak wout taksi yo, plis plizyè milye tòn dejivrè solid, k ap kase glas ak nèj ki deja nan tè a;

- Tren ki gen chas nèj atache yo, likid ki gen ajan pou fonn nèj yo epi yon chas nèj a “motè areyaksyon” pou wete nèj sou ray PATH la, ak aparèy pou soufle nèj, chas nèj ak aparèy pou voye sèl pou netwaye antre estasyon yo, wout ki mennen nan 13 estasyon PATH yo, ak divès enstalasyon sipò l yo.
- Yo te tyeke dèlko ak ponp yo pou asire yo tout operasyonèl si gen bezwen.

### Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a te pote repons pou tanpèt yo ak prèske 1,600 gwo kamyon baskil, 175 chas-nèj mwayen ak plizyè santèn lòt pyès ekipman, ki gen pami yo aparèy pou soufle nèj, ti kamyon chas-nèj, chajè ak aparèy pou bay nivo yo. Ekipman sa a, ansanm avèk plis pase 3,500 operatè ak sipèvizè, deplwaye toupatou nan eta a lè sa nesèsè anvan tanpèt ivè pou ede kenbe wout yo san danje.

N ap raple otomobilis yo pou yo gade 511NY anvan yo deplase nan [www.511NY.org](http://www.511NY.org) oswa pou yo telechaje aplikasyon mobil la. Sèvis gratis la pèmèt itilizatè yo verifye kondisyon wout yo epi li gen yon sistèm alèt pou depasman pandan ivè a ki gen rapò an tan reyèl pou vwayajè ak yon kat avèk kòd koulè ki endike ki wout nan eta a ki lib, mouye oswa kouvri avèk lanèj. Sistèm nan ofri otomobilis yo yon resous itil pou detèmine si se yon bon lide pou deplase.

### Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway a gen plis pase 632 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 238 gwo chas nèj, 123 chas nèj mwayen ak 10 charyo remòkè ak 53 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 114,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo. Otorite Thruway la ap ankouraje otomobilis tou pou yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a [isit la](#).

### **Vwayaje ansekirite**

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa woule si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo poutèt glas kapab fòme la pi vit pase sou wout yo.
- Fèy mouye yo sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè w ap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire w ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lann, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detès.

- Pa eseye kondi sou wout ki inonde – vire tounen epi ale nan yon lòt direksyon. Dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou pon.
- Siveye zòn kote rivyè oswa kouran dlo ka monte toudenkou epi kreye inondasyon, tankou kote otowout la anpant, pon, ak zòn ki ba.
- Si ou nan yon machin epi dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.

Anplis de sa, prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan w chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak lanèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye pou w kanpe epi kite plis distans ant machin yo, rete plis an eta dalèt epi sonje konjè yo ka rann li difisil pou wè timoun piti yo. Anplis, toujou akòde vitès ou ak kondisyon wout la epi tan.

Li enpòtan pou chofè machin yo sou tout wout konnen vitès chas-nèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpilfwa sou otowout ant eta yo, chas-nèj yo opere kòtakòt, kòm se fason pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chas-nèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwo ak pwa chas-nèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chas-nèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chas-nèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)